



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPOZISYON POU RANFÒSE AVANTAJ CHOMAJ  
CHOMAJ PAYÈL NAN KAD DISKOU SOU SITIYASYON ETA 2021 AN**

***Nouvo plan pral asire ke yo pa penalize Nouyòkè ki nan chomaj yo ki aksepte  
travay a tan pasyèl pandan y ap founi fleksibilite pandan biznis yo ap rebati pi  
byen***

***Avantaj chomaj pasyèl yo pral baze kounye a sou kantite èdtan travay reyèl, olye  
kantite jou travay***

***Depi mas 2020, Eta New York deja distribye plis pase 62 milya dola nan Avtantj  
Chomaj bay 4 milyon Nouyòkè - sa ki vo plis pase 29 ane tipik***

***Chanjman Asirans Chomaj Pasyèl yo ap anvigè pou travay k ap kòmanse lendi 18  
janvyè 2021 - kote Nouyòkè ki nan Chomaj yo pral sètifye pou kòmanse dimanch  
24 janvyè 2021 an***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon pwopozisyon pou ranfòse avantaj Asirans Chomaj pasyèl pou Nouyòkè ki retounen travay a tan pasyèl nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta 2021 an. Plan an pral asire ke yo pa penalize Nouyòkè ki nan chomaj yo ki aksepte travay a tan pasyèl lè yo baze sou avantaj chomaj pasyèl yo sou èdtan reyèl ke yo travay, olye de kantite jou yo travay nan semèn ki konsène a. Chanjman sa a pral enjekte plis lajan nan ekonomi New York la pandan li pral ede biznis yo ranpli pozisyon a tan pasyèl yo.

Yo dwe soumèt lejislasyon an ak Bidjè Egzekitif la ki pral mete an vigè yon pwogram pasyèl UI yon fason pèmanan pou ankouraje Nouyòkè ki nan chomaj yo asime yon travay a tan pasyèl pandan y ap chèche travay a tan plen, avèk yon kalkil revize ki posib pa amelyorasyon teknolojik ki sou pye kounye a.

Depi nan kòmansman pandemi COVID la nan mwa mas 2020, Eta New York te distribye plis pase 62 milya dola nan avantaj chomaj bay 4 milyon Nouyòkè - sa ki reprezante plis pase valè 29 ane tipik avantaj ke yo peye sèlman nan dis mwa. Sa gen ladan plis pase 1 milya dola ke yo peye nan semèn 4 janvyè 2021 pou Nouyòkè yo atravè pwogram chomaj federal ki fèk pwolonje a, ke New York [te aplike](#) dè semèn avan pifò lòt eta yo.

"Pandemi COVID la te kreye kriz doub, sa ki mete sante fizik Ameriken yo ak byennèt finansye nan risk — epi nan New York nou ap adrese ijans sante piblik sa a de kote alafwa. M ap mande Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la imedyatman pou chanje règleman ki demode yo pandan nap rebati anba pandemi an, pou yo pa penalize Nouyòkè ki nan chomaj yo paske yo pran travay a tan pasyèl", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ankouraje travay a tan pasyèl pral ede Nouyòkè yo retounen nan travay byen vit, bay ti biznis yo fleksibilite ki nesèsè pou navige nan moman difisil sa yo, epi asire ke vwazen nou yo gen lajan pou mete manje sou tab la."

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li fè pwopozisyon sa a avanse. Okenn Nouyòkè pa ta dwe dekouraje pou yo pran travay a tan pasyèl paske yo ka pa pèdi avantaj enpòtan yo lè yo ap eseye fè sa ki nesèsè pou pran swen fanmi yo ak re-entegre mendèv a plen tan. Nouvo plan sa a se yon chemen enpòtan pou mendèv nou an, biznis nou yo, ak kominote nou yo".

Daprè lalwa aktyèl la, avantaj Nouyòkè ki nan chomaj yo resevwa chak semèn redwi a 25 pousan pou chak jou yon moun travay, kèlkeswa kantite lè yo travay la — sa ki penalize enjisteman sila yo ki aksepte travay a tan pasyèl yo. Sa vle di ke nenpòt moun ki te travay kat oswa plis jou - menm si yo te sèlman travay yon inèdtan chak jou - yo ta dwe renonse ak tout avantaj yo resevwa chak semèn yo.

Nan mezi pou ka repare sistèm chomaj pasyèl ilojik sa a, Gouvènè Cuomo pral mande Depatman Travay la imedyatman pou aplike mezi ijans ki baze sou avantaj chomaj pasyèl sou kantite èdtan reyèl yo travay pandan yon semèn. Anba nouvo sistèm sa a, Nouyòkè ki nan chomaj yo ka travay jiska sèt jou pa semèn epi yo kapab toujou resevwa kèk avantaj chomaj toutotan yo travay mwens pase 30 èdtan epi yo pa touche plis pase 504 dola an salè brit. Yo dekri anba nouvo metòd pou kalkile avantaj pasyèl yo:

- **Nouyòkè ki travay ant zewo ak katrèdtan nan yon semèn epi ki pa touche plis pase 504 dola** pral resevwa avantaj chomaj konplè pa yo;
- **Nouyòkè ki travay ant kat ak dizèdtan nan yon semèn epi ki pa touche plis pase 504 dola** pral resevwa 75 pousan nan avantaj chomaj pa yo;
- **Nouyòkè ki travay ant zewo ak kat èdtan nan yon semèn epi ki pa touche plis pase 504 dola** pral resevwa mwatye nan avantaj chomaj pa yo;
- **Nouyòkè ki travay ant zewo ak kat èdtan nan yon semèn epi ki pa touche plis pase 504 dola** pral resevwa 25 pousan nan avantaj chomaj pa yo;
- **Nouyòkè ki travay plis pase 30 èdtan nan yon semèn, kèlkeswa salè yo, yo** pa pral resevwa anyen nan avantaj chomaj pa yo.

Yo pral toujou egzije Nouyòkè yo soumèt sètifika chak semèn sou entènèt oswa nan telefòn pou resevwa avantaj pa yo chak semèn. Sepandan, pou pèmèt DOL la aplike imedyatman chanjman sa a, moun kap fè reklamasyon yo pral itilize yon fòmil pou konvèti kantite èdtan yo travay an yon kantite "jou" pou rapòte lè yo ap sètifye.

Lè sistèm sètifika DOL la mande kantite jou travay, Nouyòkè yo pral adisyone kantite èdtan total yo te travay pandan yon semèn ki konsène epi sèvi ak tablo ki anba la a pou detèmine kijan èdtan yo te travay chak semèn yo tradwi kantite jou yo ta dwe rapòte lè yo ap sètifye a.

Chanjman yo pral antre an vigè pou travay ki fèt nan lendi 18 janvye 2021 oswa apre, kote Nouyòkè ki nan chomaj yo ap sètifye pou kòmanse dimanch 24 janvye 2021 an.

<b>Kantite Èdtan Travay nan yon semèn ki konsène</b>		<b>Kantite Jou pou Rapòte Lè ou ap Sètifye</b>	<b>Rediksyon Pousantaj nan Avantaj yo</b>
0	4	0	0
4.1	10	1	25%
10.1	20	2	50%
20.1	30	3	75%

Lè w ap totalize èdtan pou semèn nan, moun kap fè reklamasyon yo ta dwe itilize yon kantite maksimòm ki se 10 èdtan chak jou, menm si yo te travay plis kantite èdtan pandan yon jounen.

Nan mezi pou aplike refòm sa a ak sipòte Nouyòkè ki nan chomaj yo, Gouvènè Cuomo pral lanse yon Ekip Ofansif pou Avansman Mendèv (Workforce Forward Strike Team), ki pral reyini ekspè nan DOL, Biwo Devlopman Mendèv (Workforce Development Office) Gouvènè a ak Kòporasyon Empire State Development la pou konekte Nouyòkè ki nan chomaj yo kap chèche travay a tan pasyèl ak ti biznis yo k ap chèche travayè a tan pasyèl. Ekip ofansif la pral ede biznis yo devlope estrateji pou itilize fleksibilite a tan pasyèl travayè yo bay pandan y ap rebati anba pandemi an.

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo pral mande DOL pou ranfòse Pwogram Travay Pataje (Shared Work Program) li a, ki pèmèt anplwayè yo evite revokasyon nan pèmèt travayè yo resevwa avantaj Asirans Chomaj pasyèl yo pandan y ap travay pandan orè ki redwi. Pwogram sa a, ki te an plas depi 1986, te vin tounen yon lyen vital pou biznis yo toupatou nan eta a pandan y ap fè rediksyon pèsònèl tanporè an repons ak kriz COVID-19 la.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo a, DOL la te deja redwi dokiman yo egzijè yo epi amelyore pwosesis apwobasyon ak sètifika plan an, sa ki pèmèt Pwogram Travay Pataje a jere yon ogmantasyon 10 fwa nan kantite plan yo an 2020 — sa ki ede plis pase 60,000 Nouyòkè rete nan travay pandan pandemi an. Nan ane kap vini an, DOL pral mennen efò sansibilizasyon sible epi li pral aplike nouvo teknoloji ki pral rann li pi fasil pou anplwayè yo aprann epi patisipe nan pwogram enpòtan sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)